**O’ZBEKISTON RESPUBLIKASI OLIY VA O‘RTA MAHSUS TA’LIM VAZIRLIGI**
**TOSHKENT KIMYO-TEXNOLOGIYA INSTITUTI**
**BERDAQ NOMIDAGI QORAQALPOQ DAVLAT UNIVERSITETI**
**AJINIYOZ NOMIDAGI NUKUS DAVLAT PEDAGOGIKA INSTITUTI**

# «TIL, MADANIYAT VA IJOD: ZAMONAVIY TA’LIMDA YOSHLAR TARBIYASI MASALALARI»

*mavzusidagi respublika ilmiy-amaliy konferensiyasi maqolalar to’plami*
***(5-май, 2021-yil)***

**(O’zbekiston qahramoni, O’zbekiston va Qoraqalpog’iston xalq shoiri I.Yusupov tavalludiga bag’ishlanadi)**



**NUKUS-2021**

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ БЕРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ТАШКЕНТ ХИМИЯ-ТЕХНОЛОГИЯ ИНСТИТУТЫ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**АЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ**

# «ТИЛ, МӘДЕНИЯТ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИК: ЗАМАНАГӨЙ ТӘЛИМДЕ ЖАСЛАР ТӘРБИЯСЫ МӘСЕЛЕСИ»

*атамасындағы республикалық илимий-әмелий конференция материаллары топламы*

***(5-май, 2021-жыл)***

**(Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры И.Юсупов дөретиўшилигине бағышланады)**



**НӨКИС-2021**

Бул еки қосық қатарларындағы метафоралар жәмийетлик-публицистикалық мазмун, туўылған жердеги жаңаланыўлар, жаңа қубылыслар гүл образында бериледи. Бунда гүл ҳәм бүлбил метафоралары өмир гөззаллықларын, сулыў жаңа қубылыслардың, дәўир ҳәм заман ағымының жаңаланыўы, жәмийеттеги унамлы қубылыслардың көркем образлылығын атқарып тур.

Қызлардың сулыўлығын, нәзиклигин гүл образы арқалы сәўлелендириў поэзияда жаңалық емес. Шайыр бул қубылысты жаңаша поэтикалық түс берип, лириканың көркем эстетикалық тәсиршеңлигиниң артыўына ериседи.

Аўпәрин! Бул кимниң **гүли**?
Әжинияз, Мақтумқулы,
Күншығыстың көп **бүлбили**
Сайрай-сайрай тәрип еткен,
Енди нәўбет бизге жеткен… [8:106]

Қосық қатарларында гүл метафорасы арқалы гөззал қыздың сулыў келбети көркем образы сәўлеленген. Ал бүлбил метафорасы гөззаллық жыршысы болған ашықлардың көркем образы болып табылады.

И.Юсупов лирикаларында метафоралық сүўретлеў барлық қосықларында ушырасады. Шайыр дөретпелеринде муҳаббатты әдиўлеў ҳәм қәстерлеў, жоқары шайырлық мәденият ҳәм адамгершилик көзқараслар арқалы сәўлелендирилген. Шайырдың поэтикалық изленислери турмысымыздағы бәсекиликтиң күшейгенлиги, қарама-қарсылықлы дүнья, заманның тез пәт пенен раўажланыўы, адамзат жәмийетиниң, барлық инсаныяттың руўхый кеширмелерин шайыр сезе билди. Мине, усы ой-толғаныcларын символикалық-метофоралық усыллар менен көркем эстетикалық талапларға толық жуўап беретуғын шығармалар дөретти.

**Пайдаланған әдебиятлар**

1.Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение. Москва. Учпидгиз. 1961.
2.Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. Билим. 1994.
3.Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент. Ўзбекистон, 2002.
4.Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис. Билим. 1997.
5.Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис:-«Билим», 2005.
6.Jarimbetov Q., Genjemuratov Б. Ádebiyat teoriyası, Tashkent: -«Sano-standart», 2018. 152-b.
7.Қабдолов З. Сөз өнери, Алматы, «Мектеп», 1982. 368-б.
8.Юсупов И. Таңламалы шығармалары II том. Нөкис:-«Билим», 2018.

## ҚӘЛБИНЕ САҲРА КЕҢЛИГИ ЖАЙЛАСҚАН ШАЙЫР

*Қ.Юлдашев*
*Ташкент мәмлекетлик Әлишер Наўайы атындағы*
*Өзбек тили ҳәм әдебияты университети*

Саҳралылардың (қарақалпақлардың кең пайтақ далалары нәзерде тутылған) дүнья қарасы отырықшылардан түпкиликли парықланады. Өйткени, олардың мәденияты, руўхыяты өзгеше бир сиясий-экономикалық шараятта жүзеге келеди. Мәлим болғанындай, жүдә ғәрезсиз есапланатуғын инсанның руўхый кеширмелери де белгили бир шараяттың жемиси сыпатында пайда болады. Саҳра цивилизациясының биринши белгиси кеңликтен ибарат. Усындай мәканда дөреген бул кеңлик ең биринши гезекте руўхыятта пайда болады ҳәм теңликти жақлайды.

Шексиз, паянсыз кеңликлерде адасып кетпеў ушын инсан барлық ўақытта даналыққа сүйенеди. Соның ушын да, дала поэзиясында ақыл-пикир үстемлик етеди. Мақтымқулы,

Әжинияз, Күнхожа, Бердақ поэзиясында нәсият (дидактика) жетекшилик ететуғыны усыннан.

Отырықшы турмыста жасап атырған адамлардың руўхыяты стихиялы түрде өзгерислер ҳәм кеңликлерге умтылады. Әне, усы умтылыў нәтийжесинде руўхый гүйзелислерге көбирек дыққат қаратылады. Отырықшы этнослардың поэзиясы адамның кеўлин, сезимлерин кеңейтиўге умтылады. Соның ушын да, оларда тәбийғый рәўиште туйғылар гүйзелиси жетекшилик етеди.

Сахра кеңликлери философиясы ҳәм поэзиясының нызамлы мийрасхоры болған Ибрайым Юсупов поэзиясы өзинде отырықшылар цивилизациясының да өзиншеликлерин жәмлеген еди. Ол ҳәтте, пейзаж лирикаларында да пикир айтатуғын еди, бирақ дөретиўшилик әмелиятта пикирди руўхыятқа тәсир ететуғын бағдарда билдириўге ерискен қарақалпақ шайыры еди. Ол поэзияға туўры пикирди айтыў қуралы сыпатында емес, бәлки туўры көзқарасларды тәсирли ҳәм бийтәкирар сәўлелендире алыў өнери деп қарады.

Ақсақалдың көп ғана қосықлары әйне усы сыпатлары менен адамлар кеўлинен жай алды. Ибрайым ағамыз қарақалпақ оқыўшыларын этирапқа алаңлаўдан өз кеўлине нәзер салыўға үйреткен дәслепки дөретиўшилерден деп айтыў мүмкин. Ишки туйғы менен аңлаў, руўхыяттың гүйзелиси оның көпшилик шығармаларына тән өзиншелик. Шайыр ҳәттеки, ўақыялы қосықларында да туйғылар расгөйлигин тәмийинлеўге умтылды. Өмирдиң өткинши екенлиги ҳаққында “Мениң жигит ўақтым, сениң қыз ўақтың” дегенге сыяқлы әпиўайы қосық қатарлары да өзгеше поэтикалық мәни аңлататуғыны усыннан.

Шайыр пүткил әлемди тексериўден көре бир адамды, дурысырағы өз кеўлин сыннан өткизиў зәрүрирек ҳәм қыйынырақ екенин ерте аңлады. Шайырдың “Сөнген жулдыз” қосығындағы:

Өмиримниң кешинде, геўгим түскенде,
Таўлар қабағында жанар бир жулдыз,
Кийиклер урланып қақ суў ишкенде,
Қәпелимде бирден сөнер бир жулдыз,

деген қатарларда дүнья ҳәдийселериниң өзинен көре, олардың кеўлиндеги сәўлесинен көбирек мазмун табыўға умтылғаны көзге тасланады. Сол себепли де лирикалық қаҳарманның:

Айралық азабын кеўлимде гизнеп,
Жаўтаңлап қарайман мен оны излеп,
Жасаўдан да зыят бир ғайры ләззет,
Айдап әкеткен бе? Қәне сол жулдыз? - тәризиндеги гүйзелислери ишки логикаға ҳәм сезим тийкарларына ийе.

Өзиншеликке ийе бир дөретиўши шахс сыпатында шайыр тыныш өмир өткизиўди емес, бир тегис емес арпалысларға толы өмир сүриўди әрман етеди:

Заманың бар шалқып дәўран сүрмеге,
Суўман десең тасқын болып ағып өт,
Желмен десең, дүбелей бол дүрлеген,
Шоқпан десең жүреклерди жағып өт.

И.Юсупов таза социаллық-турмыслық бағдардағы қосықларына да жүрегиндеги шынлықты көшире алғаны ушын да оның қосықлары тәсиршең ҳәм өмиршең. Шайырдың өз Ўатанына болған перзентлик муҳаббатын сәўлелендиретуғын «Кегейли» қосығындағы қатарлар усындай тәбийғый ҳәм рассөйлиги ушын да өзгелерге жағады:

Жағаң желкилдейди қамыс, ұрықтан,
Балалық гезимди ойлап турыппан,
Суўында шашылған уўылдырықтан,
Өршиген бир шабағыңман, Кегейли.

Усы қатарларда өмирдиң әпиўайы элементлеринен үлкен мәни шығара алатуғын, тәбиятта адамды, адамда тәбиятты көре билетуғын, ҳақыйқатшыл инсанның гүзетиўлери сәўлеленгенлиги оқыўшыны өзине тартпаслығы мүмкин емес. И.Юсупов пикирлеў

бағдарында да, баянлаў усылында да халыққа уқсаўга умтылып отырмайды. Ойткени, оның өзинде халыққа тийисли болған өзиншеликлер бар. Сонлықтан да, шайырдың: "Бир аққан суў қайтып ақпас салмадан, "Жасаў - бендесинен, өмир - Алладан" ямаса "Атыңды байлайын жүрек төриме" сыяқлы таза халықшыл ибаралары биреўден ижараға алынбаған, олар халықшыл руўхыят ийесиниң өзиниң жаратқаны.

Шайыр руўхый халаттың ҳәмийше аманат ҳәм өткиншилигин, ҳақыйқый дөретиўшиниң ўазыйпасы усы аманат ҳәм өткинши ҳалатларды мәңгиликке ушластырып қойыў екенин жақсы биледи. Көп ғана қосықларында әпиўайы ҳалатлардың мәңгилик тәбиятын дөретиўге умтылады. Төмендеги төртлик те усындай умтылыўлардың бир көриниси:

Қапталымнан өткен қызыл көйлектен,
Желпиген леп желиктирди жас жанды,
Әсте ғана желпип өткен ол лептен,
Жүрегимде бир дүбелей басланды.

Бул қатарларда арзымастай көринген күнделикли өмир ғалма-ғаллары күшли руўхый тәсирлениўге себеп болыўы мүмкинлиги жүдә образлы, тәсирли етип берилген, бул дөретиўшиниң поэтикалық шеберлигинен дәрек береди. Шайыр сезилмес желпиниў ашықтың кеўил кеңлеринде үлкен сезим тасқынын жарататуғынын сондай тәсирли сәўлелендирген. Өз дөретиўшилик кредосын "Желмен десең, дүбелей бол дүрлеген, оқпан десең, жүреклерди жағып өт" деп белгилеген шайырдың дөретиўшилигиниң оқыўшылар қәлбинде узак жасаўына тийкар бар.

## И.ЮСУПОВ ПОЭЗИЯСЫНДА ЭПИТЕТЛЕР

Гөззал Өтепбергенова

Поэзияда мазмунды образлы сәўлелендириўде тил формалары болған көркем тил айрықша әҳмийетке ийе болып табылады. «Көркем образды жаратыў процессинде көркем тил шешиўши әҳмийетке ийе болады, себеби, көркем әдебият сөз искусствосы болып табылады». [2.132]

Көркем шығарма тили улыўма халықлық аўызеки сөйлеў ҳәм әдебий тилдиң көринислерин өзинде жәмлеген, түсиниклерди, ой-пикирлерди, ҳәр қыйлы мағлыўматларды, ўақыяларды көркем образ тийкарында сүўретлеп беретуғын тил болып табылады.

Уллы шайыр И.Юсупов поэтикалық дөретиўшиликте ҳәр бир сөзге итибарлылық пенен қарап, көркем тилдиң ҳәр бир көркемлеў қуралларынан шеберлик пенен пайдаланып, оларды таңлап алып, керекли орынларда дәл жумсай алған қарақалпақ поэзиясының шыңы болып есапланады.

Шығарманың көркем образлылыққа ийе болыўында оның көркемлик тил өзгешелиги үлкен хызмет атқарады. Шығармада көркем образларды дөретиўдиң бирден-бир усылы тилдеги сөзлер болып есапланады. Көркемлеў қуралларының ишинде эпитетлер ең көп қолланылатуғын, көркем сөз шеберине қаҳарманның портретин анық сүўретлеўге жәрдем беретуғын сүўретлеў қуралы болып табылады. "Эпитет көркем анықлаўыш, оның ҳәммеге мақул болып қабылланған теориясы жоқ" [1.137] деп атап өтеди. Сондай-ақ, «...ҳақыйқый көркем эпитет аўыспалы мәниде пайда болады. Бундай эпитетлер метафоралық эпитетлер деп аталады» [3.98] деп көрсетеди. Солай етип, тилдеги көркемлеў қуралларының тилимизде ең көп пайдаланылатуғын түри есапланатуғын эпитетлер ҳаққында биз жоқарыда келтирилген илимпазлардың пикирлерине сүйене отырып, шайыр поэзиясында эпитетлердиң көркем-эстетикалық тәсиршеңлигине айрықша баҳа беремиз.

Эпитет дегенимиз затқа, қубылысқа, ўақыяға тийисли болған қандай да бир белгини, сапаны, қәсийетти, көркем өзгешеликти образлы баҳалап көрсетиў мақсетинде аўыспалы мәниде қолланылатуғын сөзлер. Эпитет - көркем анықлаўыш, ол әпиўайы, жай анықлаўыштан өзиниң образлы, экспрессив мәниси менен ажыралып турады. Әпиўайы

## МУНДАРИЖА


| | | |
|---|---|---|
| **1.** | Усмонов Б.Ш. Ҳаётга ошиқ шоир ……………………………………………………. | **4** |
| **2.** | Реймов А.М. Беглиги бәлент шайыр…………………………………………………... | **7** |
| | **ӘДЕБИЯТТАНЫЎ** | |
| **3.** | Оразымбетов Қ. И.Юсупов лирикасының көркемлиги ……………………………… | **9** |
| **4.** | Алламбергенов К. Мәңги булақ маржанлары, ямаса әлем поэзиясы аспанына бүлбил ушырған шайыр ........................................................................................................ | **12** |
| **5.** | Б.Генжемуратов. Ибрайым Юсупов лирикасында ҳүждан образы……….................. | **16** |
| **6.** | Қ.Турдыбаев. И. Юсупов поэзиясының фольклорлық дәреклери ҳаққында ………. | **21** |
| **7.** | Жаксылыкова A.S. Ибрайым Юсупов шығармаларында сатира ……………………. | **24** |
| **8.** | З.Қожықбаева. Дәрья ақпай қалмас аққан жеринен………………………………….. | **27** |
| **9.** | И.Алламбергенова. И.Юсупов дөретиўшилигинде қолланылған аңызлық мағлыўматлар…………………………………………………………………………….. | **28** |
| **10.** | У.Худайбергенов, Ш.Турсынмуратов. Проблема взаимодействия человека и природы в поэме И. Юсупова «Живая вода» ……………………………………… | **30** |
| **11.** | Өтепбергенова Г. Метафора – көркем шығармадағы поэтикалық қурал. (И.Юсупов шығармалары мысалында)…………………………………………….. | **33** |
| **12.** | Қ.Юлдашев. Қәлбине саҳра кеңлиги жайласқан шайыр……………………………. | **34** |
| **13.** | Өтепбергенова Г. И.Юсупов поэзиясында эпитетлер……………………………….. | **36** |
| **14.** | Матимов К.Г. И.Юсупов дөретиўшилигинде импровизация дәстүри……………… | **39** |
| **15.** | Тавалдиева Г.Н. Ибройим Юсуповнинг бадиий ва маънавий дунёси ……………… | **42** |
| **16.** | Мирсагатова У.З. О художественных переводах Ибрагима Юсупова ……………… | **45** |
| **17.** | Қалбаева А.А., Бекбергенова М. Ибрайым Юсупов шығармаларының тематикасының өзгешелиги ........................................................................................ | **47** |
| **18.** | Бекбергенова М.Д. И.Юсупов дөретиўшилигинде көркем образлар типологиясы … | **49** |
| **19.** | Пирниязова А.К. И.Юсупов – түркий дүньясының алтын көпири ........................... | **53** |
| **20.** | Кадирова Б. И.Юсупов шеърларида белги билдирувчи лексемаларнинг ўрни …….. | **56** |
| **21.** | Ж.Сейтжанов, С. Жалменова. Поэзия аспанында мәңги жарық жулдыз.................... | **57** |
| **22.** | П.Алламбергенова. И.Юсупов поэзиясында уллы тулғалар образының сәўлелениўи . | **59** |
| **23.** | Б.Палўанов. И.Юсупов дөретиўшилигинде мемуарлар……………........................... | **61** |
| **24.** | Qodirxonov X. Ibroyim Yusupov she’riyatining o‘ziga xos xususiyatlari…….................. | **63** |
| **25.** | Ernazarov D. J., Jumanazarov M. B. XXI asr qoraqalpoq adabiyotining ustuni….......... | **65** |
| **26.** | М.Турсынмуратов, Т.Генжебаев. Когда сходятся стрелки востока и запада ........... | **68** |
| **27.** | Ж.Бегалиева, Н.Қарлыбаева. И. Юсуповтың «Афанасий Фетке» қосығының проблематикасы ҳәм көркем обазлар дүньясы ........................................................... | **71** |
| **28.** | G.Zinatdinova. I.Yusupov lirikasında bólme xronotopı……………………...................... | **72** |
| **29.** | М. Палымбетова. И.Юсупов дөретиўшилигиниң жанрлық өзгешелиги…................. | **75** |
| **30.** | Г. Темирханова. Ибрайым Юсупов шығармаларында өзлестирме сөзлер ................. | **77** |
| **31.** | Ш. Арзыев. И.Юсупов поэзиясында аллегориялық ҳәм метафоралық сүўретлеў усыллары ............................................................................................................... | **79** |
| **32.** | Г.Атаниязова. Ибрайым Юсупов поэзиясының теориялық мәселелерин изертлеў сыншы С.Ахметовтың мийнетлеринде ....................................................................... | **81** |
| **33.** | Т.Орынбаев. И.Юсуповтың әдебий портрет мақалаларының жанрлық өзгешелиги... | **83** |
| **34.** | Ғ.Алламуратов. И.Юсупов лирикасында портрет («Хийўалы гөззал» қосығы мысалында) ............................................................................................................. | **87** |
| **35.** | З.Айымбетова. Қосық пенен саздың өз-ара сәўбети ямаса И.Юсуповтың нама қосықлары ҳаққында (И.Юсупов лирикаларының Қ.Заретдинов намаларында поэтикалық көриниси) ......................................................................................... | **90** |
| **36.** | X.Aliyeva. I.Yusupov hám M.Jumanazarova lirikasinda Aral mashqalasi… (I.Yusupovtıń | |